


Viris Zika



Se yon kalite marengwen koulè nwa ki mache bay moun viris Zika a; marengwen an rele *Aedes aegypti* oubyen *Aedes albopictus*. Marengwen sa a gen yon bann ti pwen koulè blan ki fè yon bann blan sou kò a ak sou jamn li yo. Se menm kalite marengwen sa ki pote viris lafyèv deng, chikoungounya (chikungunya), ak lafyèv jòn. Yo konn pike moun lajounen, sitou granmaten oubyen ta nan apremidi. Depi viris zika a parèt nan yon zòn, li ka mache gaye byen vit.

Viris Zika a bay yon ti lafyèv, gratèl sou po, ak ti doulè nan tout kò a; nòmalman yon moun malad sèlman pandan detwa jou. Genyen anpil moun ki trape viris la san yo pa tonbe malad. Si gen tout maladi sa yo nan zòn pa nou an, li ka difisil pou konnen ki viris k ap atake yon moun, si se Zika, deng, oubyen chikoungounya. Si yon fanm ki gwo vant trape Zika, se ka yon gwo danje pou tibebe a ki poko fèt la.

Zika ak gwosè

Li posib ke Zika ap donmaje tibebe k ap devlope nan vant manman an. Nan peyi Brésil (Brezil), te genyen anpil moun ki te tonbe malad ak Zika. Lè fini, te genyen tibebe ki te fèt ak yon pwoblèm ki grav: tèt yo te twò piti. Genyen tibebe ki mouri depi yo fèt; gen lòt ki viv lontan, men yo pa t devlope nòmalman. Kò yo ak sèvo yo pa nòmal. Poutèt sa, tout fanm, sitou fanm ki ka deja ansent, **yo dwe fè efò pou pa kite marengwen pike yo**. Pote ase rad, sèvi ak pwodwi anti moustik, yon likid ki pou chase yo, ki pou pase oubyen flite sou po a. Dòmi anba moustikè.

Si yon fanm vle fè pitit, li ta pi bon pou li tann jis pa gen maladi Zika a ankò nan zòn nan. Fè atansyon pou tout fanm ka jwenn **metòd pou kontwole fè pitit**. Konsa, n ap anpeche maladi Zika a ap kontinye donmaje tibebe yo.

Siy ki fè nou konnen yon moun gen Zika

- Sa nou wè pi fasil: lafyèv, gratèl sou po, doulè nan jwenti, je wouj e anfle.
- Yo ka gen doulè nan vyann ak maltèt tou.

Zika bay yon maladi ki pa twò grav; li dire sou moun pandan detwa jou oubyen jiska 8 jou. Nòmalman, yon moun ki gen Zika pa malad ase pou li al wè doktè.

Malarya, lafyèv deng, chikoungounya, ak lòt maladi ka bay menm siy ak Zika. Nou fasil jwenn tès pou malarya, men nou mal pou jwenn tès pou lòt maladi yo. An plis, yo ka mande anpil tan pou fè analiz la, epi li ka koute chè. Mande konsèy bò kote moun ki responsab nan zòn pa nou an pou konnen si genyen maladi sa yo nan zòn nan, epi si yo ka fè tès pou li.